Bèl pouézi
Bèl istoua

H
840.809282
L668b



FA
840.809282
L668b

Bèl pouézi
Bèl istoua

Sé Marie-Jocelyne Trouillot Lévy ki préparé liv la.

Pouézi yo sé Lyonel Trouillot ki ékri yo.

Atis ki fè désin yo sé Essud Fun Cap.

H
840.809282
L668d

"The project reported herein was performed pursuant to to a grant from the U.S. Department of Education. However, the opinions expressed herein do not necessarily reflect the positions or policies of the U.S. Department of Education, and no official endorsement by the U.S. Department of Education should be inferred."

This material has been developed by the National Materials Development Center for French and Creole with funds provided by Grant G 008007145 Title VII ESEA. It is distributed by the Multilingual Multicultural Studies Center at Florida International University, Tamiami Trail, Miami, FL 33199. All rights are reserved.

© 1983 Florida International University for and on behalf of Florida Board of Regents.

SA-K NAN LIV LA

Paj

Papiyon 1

Alo Tina 2

Réspè 27

Vakans 29

Jou lékòl 31

Joudlan 45

Vouala yon oua 47

Lékòl fèmin 60

Yaya 62

Vouayaj 85

D 885 28/8/84

Q. Fig. 5/mayo/88 $7.50

BIBLIOTECA REGIONAL DEL CARIBE
Apartado 21927
Estación de la Universidad
San Juan, P. R. 00931

SISTEMA DE BIBLIOTECAS
U.P.R. — RIO PIEDRAS
MAY 05 1988

PAPIYON

Manman,
gadé!
sièl la plin papiyon.
Yon papiyon blé
ki koulè lanmè,
yon papiyon blan
ki louvri zèl li,
yon papiyon rouj
ki pa janm pozé...
Manman,
gadé!
sièl la plin papiyon
k-ap volé.

ALO TINA

ALO TOTO

Tina ak Toto sé té dé bon zanmi. Fanmi yo té rété Bizoton. Yo t-ap viv nan minm kay. Fanmi Tina té rété anro. Fanmi Toto té rété anba. Tou dé ti-moun yo té gin sétan. Yo té minm lékòl.



Min yon jou, manman Toto té gin pou l-al Nouyòk. Papa Tina li té gin pou l-al Baamas.

Toto pat anvi kité Tina. Ni Tina tou pat anvi kité Toto. Min fò fanmi yo té jouinn travay. Tina di Toto: «M-a ékri ou». Toto di Tina: «M-pap janm bliyé ou».



Jou a rivé. Toto pran avion ak fanmi li. Tina pran batiman ak fanmi pa-l.

Lè Toto rivé Nouyòk, li santi li kagou. Li sonjé Tina. Li ouè anpil gro kay, gro machi-n. Li ta rinmin rakonté Tina tou sa. Yon lèt ap pran tan pou l-rivé. Épi Toto si tèlman gin anpil paròl pou li di. Yon lèt ap trò piti. Sé téléfoné pou l-ta téléfoné. Tina ta ka réponn li tousuit.

Lè Tina rivé Baamas, li ouè péyi a dròl. Li sonjé Toto. Gin anpil koté ki bèl. Gin machi-n ki pa minm jan ak machi-n Ayiti. Andiré moun yo pa kondui minm jan. Tina ta rinmin rakonté Toto tou sa. Yon lèt ap pran tròp tan pou li rivé. Épi Tina si tèlman gin anpil paròl pou l-di. Yon lèt ap trò piti. Sé téléfoné pou l-ta téléfoné. Lè sa a, Toto ta ka réponn li tousuit.

Toto pran téléfòn jouèt li a. Li fè tankou yon ti granmoun. Li pasé niméro Tina. Li di: «Alo Tina, sé Toto. Ki jan ou yé? M-rivé Nouyòk. Manman-m ak papa-m al travay. Mouin rété nan yon apatman. Pa gin lakou min gin bèl pak. Kòmansé fè frèt. M-gin yon gro manto. Lè m-ap soti, m-mét chapo. M-mét bòt tou. M-gin gan pou m-kinbé lanèj la. Tina, fò ou vini pou ou ouè».



Tina pran téléfòn jouèt li a. Li fè tankou yon ti granmoun. Li pasé niméro Toto. Li di: «Alo Toto, sé Tina. Ki jan ou yé? Baamas, sé yon bèl péyi. Fè cho tankou Ayiti. Gin bèl lakou. Gin anpil pouason ak lanbi. Nou rété nan yon ti kay bò lanmè a. Sé la papa fè chòp tayè li. Toto, fò ou vini pou ou ouè».

Sé konsa, chak jou, Toto pran téléfòn li pou li palé ak Tina. Tina tou té rélé Toto chak jou. Fanmi timoun yo té kontan ouè sa.





Toto té konn rakonté Tina tou sa ki pasé Nouyòk. Li palé li dé gro trin yo. Li palé li dé lari Nouyòk yo. Li di li gin anpil otobis, anpil taksi. Min sé tout tan Toto ap di Tina jan gin anpil anpil moun nan péyi sa a. Andiré yo pa janm dòmi.

Tina li té rélé Toto tout tan. Li té konn rakonté tou sa ki pasé Baamas. Tina di li jan péyi a gin dlo. Li di Toto gin yon pakèt ti zilé. Ginyin nan ti zilé sa yo ki tou piti tankou térin foutbòl. Sé Naso fanmi Tina yé, min yo konn al nan yon lòt zilé yo rélé Andròs.

Yon jou, Toto di Tina: «Kouté. Tout tan m-ap palé avèk ou an jouèt. Min, m-ta rinmin tandé voua ou tout bon». Manman Toto t-ap kouté. Li pa di anyin. Li ri.

Minm lè a, Tina di Toto: «Kouté. Tout tan m-ap palé avèk ou an jouèt. Min m-ta rinmin tandé voua ou tout bon». Papa Tina t-ap kouté. Li pa di anyin. Li ri.

Fanmi timoun yo kontan tandé sa. Yo di y-ap fè timoun yo palé nan téléfòn tout bon.

Yon jou, manman Toto rélé Toto. Li di li l-ap fè-l palé ak Tina samdi.

Papa Tina rélé li. Li di li l-ap fè-l palé ak Toto samdi.

Timoun yo té kontan anpil. Lè samdi rivé, Toto monté chita sou yon gro chèz. Manman li rélé Baamas. Toto pran téléfòn lan. Li di: «Alo Tina, èské sé ou»?



Tina palé dé Baamas. Li palé dé moun yo. Li palé dé kay yo. Li rakonté jan l-ap aprann anglé. Li palé dé maché yo. Li palé dé lanmè. Min li di Toto, sa li pi rinmin sé jan jandam Baamas yo abiyé.

Toto tèlman kontan, li ri. Dé timoun yo rété palé lontan. Tou natirèl, Toto palé dé Nouyòk. Li répalé dé tou sa li té konn di. Min foua sa a, Tina t-ap tandé tout bon. Li palé dé lanèj. Li palé dé lékòl. Li palé dé sirèn kamion ponpié. Li palé dé bri ki gin Nouyòk.

Papa Toto vi-n rélé li pou l-manjé. Toto di Tina: «M-alé. M-pral manjé. Papa fè yon bon diri ak poua. Épi manman sot bouyi yanm ak patat».

Tina di: «Tout bon! Inbin, anyin pa chanjé. Sé sa moun lakay kuit tou».

Dé timoun yo ri. Tina di Toto babay. Yo fèmin téléfòn lan.

Pandan Toto ap manjé, l-ap sonjé Tina. Sé minm manjé a l-ap manjé.

Kou Tina fi-n manjé, li kouri pran téléfòn jouèt la. Li fè tankou yon ti granmoun. Li di: «Toto, ou ouè moun Ayiti, yo mèt Baamas, yo mèt Nouyòk, sé prèské minm manjé a yo kuit. Fòk yo bouyi ti yanm yo ak patat yo. Fòk yo manjé diri ak poua».

RÉSPÈ

Gin lali-n
épi gin solèy,
gin riviè
épi gin pié boua,
ginyin flè
ki gin tout koulè,
gin manman-m
épi gin papa-m,
épi gin péyi-m
pou m-aprann rinmin.



VAKANS

Lè vakans rivé tout timoun kontan,
sé sézon lago, sé sézon marèl.
Achté yon fèy papié ak yon plòt fisèl
sèvolan nan sièl ap bat ak gran van.

Lè vakans rivé tout timoun kontan,
min gin lòt timoun ki pa gin vakans.
Travayè latè ap travay tout tan.
Lavil ak lan mòn, lavi pa minm jan.


1
4
5
6
3
2

JOU LÉKÒL

Lindi sé jou pa-m pou m-édé mèt la.
M-ap mét lòd, m-ap ranjé klas la.
Lè lòt timoun yo antré,
y-a jouinn klas la tou paré.



M-ap kòmansé ranjé tab ak ban.
Métè yo byin nan lòd, an ran,
pou tout timoun ka chita
pou tandé léson mèt la.

Lila édé-m ranmasé liv yo,
épi m-mété yo nan bifèt yo.
Konsa, lè yon élèv vlé li,
li pap pèdi tan pou l-jouinn liv la.

M-bay bèt yo bon ti manjé.
Tout ti flè byin rouzé, tou fré.
Yon bèl klas, ki pròp, ki gé,
sé sa tout élèv yo vlé.

Di-ng ding dong, klòch la sonnin.
Timoun yo rantré lamin nan lamin.
In, dé, toua, yo ouété chapo.
Yo pral chanté pou lédrapo.

Apré sa, mèt la kòmansé.
Tout timoun chita ap kouté.
Pa fè boui, tandé sa l-ap di,
pou n-ka aprann li ak ékri.



Kounié a, nan lakou, tout moun,
sé égzèsis, sé soté kòd,
si ou pa détiré kò ou byin,
léspri ou pap rinmèt anyin.

Apré sa, lè tout moun antré,
m-bay kréyon, Lila pasé papié,
m-fè yon paj désin épi m-ékri:
Viv Désali-n! Viv Ayiti!

Nou pral manjé kou désin fini.
Lavé min, janbé nan kanti-n a midi,
yon bon diri ak poua an sòs.
Ti bouch nou gin tan ap fè sòs.





Di-ng ding dong, kloch la sonnin ankò.
Sé lè dòmi, sé répo pou kò.
M-édé mèt la ranjé kabann.
Gadé yo tout kouché sou ou bò.

Tout moun lévé, répo a fini.
Gin bonbon ak lèt si n-anvi,
youn édé lòt lasé soulié,
ranjé tèt nou, brosé chévé.

Nou tout chita nan pié mèt la.
Sé yon bèl ti kont l-ap li pou nou.
Apré sa sé jouèt nan lakou.
Kou fini tou, sé alé lakay nou.

Min jodi a, sé mouin ki té an chaj.
Anvan m-alé, fò m-ranjé tout bagay.
Mèt la kontan-m, m-maché kou ou kòk.
Ala bèl bagay sé lékòl.

JOUDLAN

Travayè latè ap planté kafé,
y-ap planté mayi,
pou tout moun manjé.

Jodi prémié janvié,
s-on lòt ané ki kòmansé.

Timoun kou granmoun
pran lari pou yo,
yo pral ouè zanmi,
yo pral ouè fanmi
gadé si lavi poté bon nouvèl.

Jodi prémié janvié,
s-on lòt ané ki kòmansé.



SISTEMA DE BIBLIOTECAS

VOUALA YON OUA

Vouala sé té yon oua ki té gin yon kokinn chan diri. Min chak ané oua a nan problèm. Chak ané, zouazo fi-n manjé tout diri a. Zouazo yo fini ak tout rékòt oua a.

Yon jou, oua a di: «Sa a sé tròp atò. Fò m-fè ti zouazo sa yo rété». Li rélé yon sòlda. Li di li: «Alé touyé tout zouazo ou jouinn». Oua a bay sòlda a yon fizi chajé ak ti pion. Li di li pati vit nan chan diri a.

Sòlda a pati vré. Li maché présé présé. Li pral fè sa roua a mandé a. Lè li rivé nan rout, li tandé yon ti chanté louin, louin, louin.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Zouazo a di
Tominn Tominn Toya.
Zouazo a di
Tominn Tominn Toya.

Plis sòlda a ap maché, plis l-ap tandé mizik la klè. Yon ti moman, sòlda a bliyé tout bagay. Li tonbé dansé.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Oua a tann sòlda a.
Li pa janm ouè li.

Oua a voyé yon lòt sòlda. Sòlda a rivé nan rout. Yon ti moman, li tonbé dansé tou. Chak sòlda k-alé, minm bagay. Yo rété nan dansé. Yo pa janm tounin.



SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Oua a di: «Bon, sa va fini». L-abiyé li. Li pati al déyè ti zouazo yo.

Dépi nan chémin, li tandé yon ti chanté louin, louin, louin. Plis oua a ap proché, plis chanté a ap vi-n klè.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Zouazo a di
Tominn Tominn Toya.
Zouazo a di
Tominn Tominn Toya.

Yon ti moman, oua gin tan lagé fizi-l atè. Oua antré nan ron. O, o, ni oua, ni sòlda ap dansé.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS



Mouin minm m-té la m-ap gadé. M-di: «Min, sé pa sa oua a té vi-n fè». Oua a ban-m yon ti kout pié. M-vi-n tonbé jis isit pou m-ba nou ti manti sa a.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS

LÉKÒL FÈMIN

Pòt lékòl
té louvri,
pòt lékòl
vi-n fèmin.
Timoun yo
maché opa.
Timoun yo
ap soté kòd.
Yo pa gin léson
pou yo étidié.
Yo pa gin mo
pou yo ékri.
Pòt lékòl la
fèmin
pou jouk lané prochinn.

vacations
vacances
closed
fermé

YAYA, TI RORO AK BANDA



SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Vouala sé té yon madanm yo té rélé Yaya. Madanm sa a té gin yon pitit gason yo té rélé Ti Roro. Nan lakou Yaya ak Ti Roro a té gin yon bourik. Non bourik la sé té Banda.



Yaya t-ap viv nan yon vié ti kay pay sou tèt yon mòn. Kay la té gin yon sèl pòt, yon sèl fénèt. Anndan an, té gin yon grinn tab, yon sèl vié chèz ak yon bout nat.

SISTEMA DE BIBLIOTECAS

Min Ti Roro sé té yon ti gason ki té parésé anpil. Li té rinmin gaspiyé. Li pa-t janm vlé édé manman-l. Li pa-t janm okipé anyin minm. Minm travay jadin an, sé manman-l ki té blijé fè-l pou kont li. Yon sèl bagay Ti Roro té rinmin fè, sé té bat tanbou pidim paou, pidim paou.

Yaya té toujou ap travay. Min yon jou, li vi-n malad. Li rélé Ti Roro, li di: «Ti Roro, pitit mouin, m-pa santi-m byin jodi a. Sélé Banda, vi-n al nan maché pou mouin».





Ti Roro t-ap manjé yon plat mayi moulin. Li fi-n manjé épi l-al chèché Banda. Banda li t-ap manjé zèb anba pié boua a.

Ti Roro di Banda: «Vini».
Banda di: «Iyan, koté n-pralé»?
Ti Roro réponn: «Nan maché».



Sé konsa Ti Roro tou sélé Banda épi l-chajé dé gro sak sou do-l. Prémié sak la té gin karòt, bètrav ak chou. Dézièm sak la té chajé ak lòt légim.

Pandan Yaya kouché anndan an, li rélé Ti Roro. Ti Roro di:

—Oui manman.

—Ou pran karòt yo?

—Oui manman.

—Ou pran bètrav yo?

—Oui manman.

—Ou pran chou yo?

—Oui manman. M-pran tout bagay.

—É Banda, ou pran manjé pou li?

—Oui manman.

—Sé sa. Alé pitit mouin. M-souété ou fè bon lavant.





Ti Roro pati ak Banda.
Yo désann ti mòn lan.
Yo vi-n rivé tou pré
kèk lòt abitan ki t-apral
nan maché tou.

Lè yo rivé bò Fèmat, solèy la té kòmansé ap fèmin jé li. Lòt abitan yo fè yon rété pou yo pozé. Ti Roro rété tou. Li déchajé Banda. Li poté dlo ba li épi li maré bourik la nan yon poto. Ti Roro al kouché. Li mété tèt li sou yon sak pou li ka dòmi.



Ti Roro potko minm gin tan fè yon ti dòmi, Banda tonbé rélé «Iyan, iyan». Ti Roro lévé, li di Banda: «Sa-k ginyin? Ou grangou»?

Ti Roro fouré min li nan sak la.
Li bay Banda dé chou. Ti Roro
dòmi ankò.



Apré yon démiyè, Banda tonbé rélé: Iyan! Iyan! Ti Roro lévé. Li bay Banda inpé légim épi l-al kouché ankò.



Di minit apré, Banda rékòmansé: iyan, iyan. Ti Roro di Banda: «Kité-m dòmi. Sa ou vlé? Karòt? Min».

Banda manjé karòt. Ti Roro dòmi.

Min Banda pran gou nan légim yo. Li tonbé rélé: iyan, iyan. Gin yon misié ki t-ap dòmi bò koté Ti Roro, li tonbé fè mové san. «Fè bourik ou a pé pou mouin, tanpri.»

Ti Roro nèvé. Li di Banda: «Sa pou m-fè ak ou»? Li lévé, li pran dé sak légim yo. Li métè yo dévan Banda épi l-di: «Manjé, min kité-m dòmi».

Pita, li vi-n lè pou lévé. Tout lòt abitan yo ap paré yo. Ti Roro lévé pou l-pran sak yo. Li ta pral sélé Banda. O, o, tou dé sak yo vid. Banda manjé tout légim yo nèt.

Ti Roro sonjé manman-l. Li tonbé kriyé:
«Roy, roy, sa pou m-fè»?

Gin yon voua ki réponn li: «Prochèn foua a, ou a konnin pou ou bay bourik la manjé zèb».



Ti Roro kriyé, l-kriyé. Lòt abitan yo kontinié fè chémin lavil pou y-al vann machandiz yo.

Ti Roro blijé tounin lakay li. Vant Ti Roro té vid, tèt li té chajé. Banda minm, vant li té si tèlman plin, sou tout rout la, l-ap rélé: «Iyan, iyan».

VOUAYAJ

Ti bato
sou dlo
ap janbé lanmè.
Lè vag yo mové
tout timoun yo pè.

Ti bato
sou dlo
ap janbé tanpèt.
Timoun yo mandé:
«Ki jou n-a rivé»?

Si n-rivé lindi
manman-n ap sézi.
Si n-rivé madi
sa papa-n ap di?

Timoun yo konté,
yo konté sèt jou.
Sou dimanch matin,
yo tout pran chanté.
Ti bato
sou dlo
té résí rivé.



[H] 840.809282 L668b
Bel pouezi, bel istoua /
0 20 110114572 4
UPR - Río Piedras - Sistema Bibliotecas